

WUJUD, GUNA, LAN KALUNGGUHANE RIMBAG BAWA-MA

Dita Candra Astari

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

ABSTRAK

Asil panliten ngenani rimbag bawa-ma isih akeh regejegan antarane andharane pamarsudi basa Jawa. Bab sing dadi regejegan ing antarane, yaiku sing dadi wuwuhane rimbag bawa-ma, wujud rimbag bawa-ma, lan sing bisa dadi linggane rimbag bawa-ma. Asil panliten kapungkur kasebut narik kawigatene panliti kanggo nliti rimbag bawa-ma kanthi luwih cetha lan jero nggunakake teori sing beda karo panliten sadurunge.

Undere panliten iki yaiku (1) apa wae wujud rimbag bawa -ma, (2) apa wae jinis guna sing bisa diisi rimbag bawa-ma, lan (3) apa wae jinis kalungguhan sing bisa dinggoni rimbag bawa-ma. Adhedhasar undere panliten iki, mula ditemtokake tujuwan panliten iki, yaiku (1) njlentrehake wujud rimbag bawa-ma, (2) njlentrehake jinis guna sing bisa diisi rimbag bawa-ma, lan (3) njlentrehake jinis kalungguhan sing bisa dinggoni rimbag bawa-ma.

Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori transformasi generatif. Teori transformasi generatif dumadi dadi rong peranan utama, yaiku asumsine lan cara kerjane teori transformatif generatif. Cara kerjane teori transformasi generatif iki diperang dadi 3 adhedhasar triaspek sintaktis, yaiku wujud (katagori), guna (fungsi), lan kalungguhan (peran).

Panliten ngenani wujud, guna, lan kalungguhan rimbag bawa-ma iki kalebu jinis panliten linguistik sinkronis, yaiku nliti basa Jawa sing digunakake ing jaman saiki. Panliten iki asipat dheskriptif utawa njlentrehake dhata, dhatane yaiku ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma. Sumber dhatane yaiku wacan ing kalawarti utawa buku sing ngemot karya sastra ing jaman saiki lan panliti minangka panutur asli basa Jawa. Dhata utama ing panliten iki yaiku ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma ing kalawarti lan buku. Dhata panyengkuyunge yaiku ukara sing digawe panliti minangka panutur basa Jawa ing jaman saiki. Dhata iki banjur dikumpulake nggunakake metodhe nyemak banjur ditulis ing kartu dhata. Dhata sing wis dikumpulake, banjur dijlentrehake nggunakake cara kerjane teori transformasi generatif adhedhasar triaspek sintaktis. Njlentrehake triaspek sintaktise rimbag bawa-ma iki nggunakake metodhe agih utawa distribusional. Banjur asile njlentrehake dhata disuguhake nggunakake metodhe formal

Rimbag bawa-ma kasil diperang wujud dadi 16, yaiku (1) {{BTSw} + {-um-}}, (2) {{{TA} + {sing} + {BTSw} + {-um-}}}, (3) {{BTSg} + {-um-}}, (4) {{{TA} + {sing} + {{BTSg} + {-um-}}}, (5) {{BTlr} + {-um-}}, (6) {{TA} + {-um-}}, (7) {{TA} + {sing} + {{TA} + {-um-}}}, (8) {{TK} + {-um-}}, (9) {{TK} + {-um-}} + {ing} + {TA}}, (10) {{TKh} + {-um-}}, (11) {{TKt} + {-um-}}, (12) {{{TAc} + {-um-}} + {TA}}, (13) {{tembung mawa -e} + {-um-}}, (14) {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {TA}}, (15) {{tembung mawa -a} + {-um-}}, lan (16) {{tembung rangkep} + {-um-}}. Jinis guna lan kalungguhan sing bisa diisi lan dinggoni rimbag bawa-ma ana 8, yaiku (1) wasesakahanan, (2) jejer-panandhang, (3) jejer-faktor, (4) panganep-asil, (5) panganep-piranti, (6) panganep-tujuwan, (7) lesan-tujuwan, lan (8) katrangan-cara. Asil jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma kasebut ngasilake jinise rimbag bawa-ma adhedhasar guna lan kalungguhane.

Regejegane para pamarsudi basa ngenani rimbag bawa-ma sing bisa didudut, yaiku wuwuhane, jinis linggane, lan asile ngrimbag bawa-ma. Wuwuhane rimbag bawa-ma ana loro, yaiku {-um-} lan {ma-}. Wuwuhan {-um-} nandhang owah-owahan dadi {um-} yen linggane {BTSw}. Wuwuhan {-um-} uga bisa lira-liru karo wuwuhan {ma-} yen diwuwuhake ing {BTlr}. Anane owah-owahan {-um-} dadi {um-} lan pangenggone sing bisa lira-liru karo wuwuhan {ma-}, amarga anane *metathesis*. Linggane sing maujud tembung lingga, yaiku {BT}, {TA}, {TKh}, {TK}, lan {TPg}. Linggane sing awujud tembung andhahan, yaiku {tembung mawa -e}, {tembung mawa -a}, lan {tembung rangkep}. Dene asile ngrimbag bawa-ma yaiku awujud {TK}, {GA}, lan {GK}.

Tembung wigati: rimbag, bawa-ma, triaspek sintaktis

A. PURWAKA

Lumrahe rimbag bawa-ma kerep diweruhi minangka tembung lingga sing diseseli {-um-}. Minangka rimbag, bawa-ma kalebu jinis rimbag sing wis diandharake ing buku-buku paramasastra basa Jawa, yaiku *Karti Basa* Kementrian Pengajaran Pendidikan dan Kebudayaan (1946), *Reringkesaning Paramasastra Djawi* Antunsuhono (1953), *Sarining Paramasastra Djawa* Poerwadarminta (1953), *Paramasastra Djawi* Sastrasoeapadma (1958), *Tata-Sastra Hadiwidjana* (1967), *Inleiding Tot Het Modern Javaans* Ras (1985), *Paramasastra Jawa* Padmosoekotjo (1987), *Aspektualitas Bahasa Jawa Kajian Morfologi dan Sintaksis* Sumarlam (2004), lan *Paramasastra Gagrang Anyar Basa Jawa Sasangka* (2008). Ana maneh asil panliten sing awujud laporan panliten, kayata *Morfologi Bahasa Jawa* Poedjosoedarmo Ikk. (1979), *Morfosintaksis Bahasa Jawa* Suwadi Ikk. (1986), *Morfologi Bahasa Jawa* Murdijanto (1995), lan *Tata Bahasa Jawa Mutakhir* Wedhawati (2001).

Andharan ing asil panliten kasebut isih winates ngenani apa wae wuwuhane, tembung sing bisa dirimbag, wujud asil rimbage, teges tembung, proses morfofonemik, lan guna sintaksis. Para panulis asil panliten kasebut anggoné ngandharake bawa-ma uga ana sing padha lan beda. Mula tuwuh regejegan ngenani rimbag bawa-ma. Andharan sing nuwuhake regejegan, yaiku wuwuhane rimbag bawa-ma, tembung sing bisa dirimbag bawa-ma, wujud tembung arimbag bawa-ma, lan teges tembung arimbag bawa-ma. Bab-bab kasebut sing kudu dicethakake maneh. Saliyane iku andharan ngenani bawa-ma sing jangkep dhewe mung sawatara wujud lan guna sintaksis. Kamangka saliyané wujud, rimbag bawa-ma iku uga nduweni guna lan kalungguhan ing babagan triaspek sintaktis, bab iku sing durung diteliti.

Beda lan winatese andharan ngenani bawa-ma njalari panliti kepengin njlentrehake maneh kanthi luwih jero lan gamblang. Carane yaiku njlentrehake tembung arimbag bawa-ma sajroné ukara. Nyatane kabeh rimbag bawa-ma iku kalebu jinis tembung kriya, mligine tembung kriya tanpa lesan. Andharan kang kaya mangkono kasengkuyung dening asil panlitene Suwadi Ikk. (1986) lan Sasangka (2008). Njlentrehake bawa-ma sajroné ukara iku nyambung raket karo triaspek sintaktis yaiku wujud, guna, lan kalungguhane. Mula sing dijlentrehake ing panliten iki yaiku wujud, guna, lan kalungguhane rimbag bawa-ma.

Adhedhasar landhesan panliten sing diandharake, undere panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) apa wae wujud tembung arimbag bawa-ma?, (2) apa wae jinise guna sing bisa diisi tembung arimbag bawa-ma?, lan (3) apa wae

kalungguhan sing bisa dinggoni tembung arimbag bawa-ma?

Tujuwan panliten iki salaras karo undere panliten, yaiku (1) njlentrehake wujud tembung arimbag bawa-ma, (2) njlentrehake jinise guna sing bisa diisi tembung arimbag bawa-ma, lan (3) njlentrehake kalungguhan sing bisa dinggoni tembung arimbag bawa-ma.

Panliten iki dikarepake bisa menehi paedah kanggo ilmu basa, mligine basa Jawa. Kanthi teoretis, asil panliten iki diajab bisa menehi paedah tumrap ilmu basa mligine basa Jawa ing babagan andharan jinis-jinise rimbag. Mligine rimbag bawa-ma sing dijangkepi andharane ngenani wujud, guna, lan kalungguhane. Kanthi praktis, asil panliten iki diajab bisa nambah wawasan lan ilmu basa, bisa dadi sarana sinau sing luwih nggampangake mahasiswa, bisa dadi sarana panandhinge materi kuliyah nalika dhosen linguistik mulangake bab linguistik basa Jawa, mligine ngenani bab wujud, guna, lan kalungguhane rimbag bawa-ma.

B. TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tinting an kapustakan ngemot andharan ngenani (1) konsep ngenani rimbag, (2) konsep ngenani rimbag bawa-ma, (3) tembung kriya asile rimbag bawa-ma, lan (4) teori kanggo landhesane panliten.

1. Konsep ngenani Rimbag

Tegese rimbag iku saemper karo wujud yaiku wujud tembung (Prawiroatmojo, 1981b:145). Dene Poerwadarminta (1937:530) ngandharake yen rimbag yaiku wewangunane tembung sawise diuwuhi. Sabanjure Antunsuhono (1953:23) uga ngandharake yen pandhapuk utawa panggawene tembung andhahan metu saka tembung lingga lan owah-owahane diarani ngrimbag. Adhedhasar andharan ngenani tegese rimbag kasebut bisa didudut yen tegese rimbag yaiku wewangunane utawa pandhapuke tembung.

Panliten iki ngandharake rimbag bawa-ma, mula ing andharan iki mung disebutake perangane rimbag bawa. Rimbag bawa kena diperang maneh dadi telu, yaiku rimbag bawa kapi, bawa kami, bawa kuma; bawa-ha; lanbawa-ma (Antunsuhono, 1953:26). Dene Hadiwidjana (1967:19-21) ngandharake yen perangane rimbag bawa ana telu, yaiku rimbag bawa-ha, bawa-ka, lanbawa-ma. Sabanjure Sudaryanto (1991: 268) ngandharake yen rimbag bawa iku jinise ana enem, yaiku: bawa-ha, bawa-ka, bawa-ma, bawa-kapi, bawa-kuma, lan bawa kapi. Adhedhasar andharane Antunsuhono, Hadiwidjana lan Sudaryanto rimbag bawa-ma padha-padha kalebu ing perangane jinis rimbag

bawa, senjata anggone merang beda jinis lan cacahé perangan rimbag bawane.

Adhedhasar andharan ngenani teges lan perangane rimbag bisa dijlentrehake dununge rimbag bawa-ma. Bawa-ma kalebu jinis rimbag bawa. *Bawa* iku tegese daya utawa kakuwatan. Kakuwatan ditegesi minangka *gaya*. *Gaya* yaiku sawijine ragam, cara, wujud, rupa, lsp. mligine (ngenani tulisan, anggitan, pangenggone basa, lsp.) (KBBI, 2008:443). Saka andharan iku bisa didudut yen rimbag bawa yaiku wewangunane tembung sing nduweni daya kanggo mujudake jinis tembung liya adhedhasar pangrimbage. Miturut Hadiwidjana (1967:43) bawa yaiku kahanane jejer. Tembung *bawa* iku tembung kawi sing tegese kahanan utawa sipat (Poerwadarminta, 1937:33 lan Prawiroatmojo, 1981a:29). Adhedhasar andharane para pamarсуди kasebut, bisa didudut yen tegese bawa yaiku kahanane jejer.

2. Konsep ngenani Rimbag Bawa-ma

Konsep ngenani rimbag bawa-ma iki diperang dadi 3, yaiku titikan morfologise rimbag bawa-ma, titikan sintaksis rimbag bawa-ma, lan titikan semantis rimbag bawa-ma. Titikan morfologise rimbag bawa-ma, yaiku katitik saka wuwuhane. Wuwuhane rimbag bawa-ma yaiku {-um-}. Yen {-um-} diwuwuhake ing tembung apurwa aksara swara, panggone {-um-} dadi ing sangarepe tembung kasebut. Kaya-kaya {-um-} iku dadi ater-ater {um-} (tandhingna: Adipitoyo, 2011: 56-58). Ana maneh wuwuhane rimbag bawa-ma yaiku ater-ater {ma-}. Kaya sing wis diandharake Ras (1985: 57-59) yen saliyané {-um-} wuwuhane rimbag bawa-ma yaiku {ma-}. Wuwuhane tembung arimbag bawa-ma yaiku {-um-} lan {ma-} minangka morfem kaiket. Mligi kanggo ater-ater {ma-} bisa diwuwuhake ing bakale tembung sing apurwa aksara /l/ lan /r/, sing pangenggone bisa lira-liru karo seselan {-um-}. Dene {-um-} sing diwuwuhake ing tembung apurwa aksara swara owah panggone, sing mulane dadi seselan owah dadi ater-ater {um-} amarga anane *metathesis*.

Sabanjure ngenani tembung lingga sing bisa dirimbag dening rimbag bawa-ma yaiku, kaya sing diandharake para panliti basa Jawa iki. Adhedhasar andharane Ras (1985:58-59), tembung sing bisa dirimbag bawa-ma yaiku tembung kriya, tembung kahanan, tembung substansi sing asipat *onomatope*. Banjur sing katelu, ngenani wujud tembung sawise dirimbag bawa-ma. Miturut andharane Suwadi Ikk. (1986:55) lan Sasangka (2008:59) rimbag bawa-ma bisa mujudake tembung kriya tanpa lesan. Wedhawati (2006:143 lan 192-194) yen tembung sing diwuwuhi {-um-} iku bisa mujudake tembung kriya lan tembung kahanan. Adhedhasar andharane

para panliti basa kasebut bisa didudut yen sejatine wujudé rimbag bawa-ma iku kalebu jinis tembung kriya. Yen ana sing ngemu surasa kahanan, durung bisa langsung dilebokake jinis tembung kahanan. Bab iki salaras karo andharan perangane tembung kriya adhedhasar makna semantise, salah sijine yaiku tembung kriya kahanan.

Titikan sintaksise rimbag bawa-ma bisa dititiki saka wujud tembung sing kalebu tembung kriya. Rimbag bawa-ma minangka tembung kriya mesthi uga nduweni titikan sintaksis sing saemper karo tembung kriya. Kanggo mujudake ukara negatif tembung arimbag bawa-ma ora bisa nganggo tembung *dudu*, nanging nggunakake tambung *ora*.

Titikan semantise tembung arimbag bawa-ma yaiku nduweni teges (1) ngandharake lumakune kahanan sing lagi utawa wis rampung ditindakake lan (2) ngandharake kahanan sing ditindakake kaya kacetha ing linggane (tandhingna: Adipitoyo, 2000:6-7). Tegese tembung bawa-ma iku nyambung karo jinis tembung kriya adhedhasar prilaku semantise (tandhingna Sudaryanto, 1991:80).

3. Tembung Kriya Asile Rimbag Bawa-ma

Bab sadurunge wis kasil menehi andharan yen asile ngrimbag bawa-ma, yaiku tembung kriya. Prelu diandharake uga ngenani tembung kriya. Saben panliti basa sing merang jinis tembung ing paramasastra tradhisional nyebutake yen tembung kriya kalebu ing pamerange jinis tembung. Tembung kriya mono kalebu jinise tembung adhedhasar cara tradhisional (Kridalaksana, 2005: 4-5; Padmasusastra, 1883:156-165; Sasangka, 2008:115; Hadiwidjana, 1976:25-26; Antunsuhono, 1953:47; Padmosukotjo, 1987: 107; lan Sudaryanto, 1991:70). Banjur, saben perangan jinis tembung adhedhasar titikan sintaktise utawa cara modheren, nyebutake tembung kriya minangka kelas tembung kang madeg dhewe. Tembung kriya ora kalebu ing sub kelas, nanging minangka kelas tembung sing kalebu uga ing wujud sintaktis sing ora katutup (Uhlenbeck, 1982:101-233 lan Roorda, 1855).

Titikan morfologise tembung kriya, yaiku kalebu morfem ora kaiket amarga bisa ngisi lingga lan bisa diwuwuhi morfem-morfem liya. Mula wujud morfeme bisa minangka morfem *monomorfemis* lan *polimorfemis* (Kridalaksana, 2008:158 lan Sudaryanto, 1991:77). Titikan sintaksise yaiku kanggo mujudake ukara negatif ora bisa nganggo tembung *dudu*, nanging nggunakake tambung *ora* kaya ing ukara *Aku ora mangan*. Tembung kriya ora bisa diwenehi tembung *dhewe*, *banget*, *rada*, lan *paling* ing samburine utawa ngarepe. Tembung kriya kerep ditutake tembung *dhewe* nanging ing kene tegese ora ana tunggale, *dudu*

ateges paling (Poedjosoedarmo, 1979:22). Sasangka (2008:188) uga ngandharake yen tembung kriya bisa sumambung karo tembung *anggone* lan *olehe*. Tembung kriya sajrone ukara iku mratelakake wasesa (Antunsuhono, 1953:49). Sudaryanto (1991:77-79) uga ngandharake yen tembung lingga iku bisa ngisi guna minangka wasesa lan tansah dijangkepi guna liyane kayata jejer lan lesan. Tembung kriya bisa dieloki tembung *lagi* ing sisih kiwane. Minangka wasesa tembung kriya uga bisa dieloki katrangan sing mratelakake carane solah bawa. Wedhawati (2006:175) ngandharake yen tembung kriya iku bisa ngisi guna jejer, wasesa, lesan, panganep, lan katrangan. Tembung kriya miturut Sasangka (2008:118-121), yaiku tembung sing mratelakake solah bawa, tandang gawe utawa mratelakake lumakune kahanan. Ana uga sing ngandharake yen sakabehe tembung sing mratelakake solah bawa utawa tumandang gawe iku diarani tembung kriya (Antunsuhono, 1953:49). Saemper karo andharan sadurunge, Sastrasopadma (1958:18) ngandharake yen tembung kriya yaiku sarupane tembung sing mratelakake solah tingkah, solah bawa, utawa tandang gawe. Banjur miturut Poedjosoedarmo (1979:22) tembung kriya yaiku jinis tembung sing nuduhake tumindak utawa solah bawa sawijine barang utawa makhluk. Saka kabeh andharan mau bisa didudut yen tegese tembung kriya yaiku tembung sing mratelakake solah bawa, tandang gawe, utawa lakune kahanan utawa barang. Sudaryanto (1991:77-80) ngandharake yen tembung lingga iku bisa owah maknane. Saka owahe makna tembung kriya bisa nduweni makna solah bawa, proses, lan kahanan.

Perangan tembung kriya sing dikarepake ing panliten iki, yaiku perangane tembung kriya adhedhasar tembung linggane. Miturut Tarigan (1985:63) jinise tembung kriya adhedhasar jinis tembung linggane ana lima, yaiku: (1) tembung kriya sing linggane tembung kriya, (2) tembung kriya sing linggane tembung aran, (3) tembung kriya sing linggane tembung kahanan, (4) tembung kriya sing linggane tembung wilangan, lan (5) tembung kriya sing linggane tembung sesulih purusa. Dene Kridalaksana (2005:57) merang jinis tembung kriya adhedhasar jinis tembung linggane ana papat, yaiku: (1) tembung kriya asli, (2) tembung kriya denominial, (3) tembung kriya deajektiva, lan (4) tembung kriya deadverbial.

Sabanjure tembung kriya uga bisa diperang adhedhasar titikan semantise. Panliti uga ngandharake iki amarga isih nduweni sambung raket karo rimbag bawa-ma sing bisa ngasilake tembung kriya. Perangane tembung kriya adhedhasar titikan semantise yaiku, tembung kriya

pakaryan, tembung kriya proses, lan tembung kriya kahanan (Sudaryanto, 1991: 80).

Adhedhasar pamerangae tembung kriya ing ndhuwur, bisa didudut yen rimbag bawa-ma manut pamerang jinis tembung linggane kalebu ing tembung kriya denominial, tembung kriya deajektiva, lan tembung kriya deadverbial. Dene adhedhasar titikan semantise kalebu jinis tembung kriya kahanan.

4. Teori kanggo Landhesane Panliten

Teori sing digunakake minangka landhesan ing panliten iki yaiku teori transformasi generatif. Salaras karo prelune panliten iki, mula diandharake ngenani asumsi lan cara kerjane teori transformasi generatif. Andharane sing luwih jangkep ngenani teori transformasi generatif kaya ing ngisor iki.

a. Asumsine Teori Transformasi Generatif

Teori transformasi generatif dilairake adhedhasar pamikire panliti basa, yaiku Chomsky. Dheweke ngandharake yen tata basa transformasi generatif bisa njlentrehake struktur basa kanthi cetha lan tliti lumantar “kaidah tulis kembali” (*rewrite rules*). (Lauder lkk., 2005: 216).

Mula bisa didudut yen teori iki nduweni landhesan pamikir, yaiku: (1) sintaksis nduweni dhasar tumrap ukara lan tuturan sing bisa diindra dening manungsa, bab iki mujudake struktur lair, (2) ing struktur batin ana sesambungan semantis lan sesambungan sistemik, lan (3) adhedhasar kahanan struktur batin kasebut, mula struktur lair dijlentrehake adhedhasar aspek kalungguhan, aspek guna, lan aspek wujud (Adipitoyo, 2000:4).

Teori transformasi generatif ana 3 postulat, yaiku: (1) bedane kompetensi lan performen, antarane dhata warisan kawruh ngenani basa, lan kabisan nggunakake basa; (2) bedane struktur batin lan struktur lair. Bab sing beda iki ngasilake cara kerjane tata basa sing adhedhasar komponen cacahé telu, kayata: komponen sintaksis, komponen fonologis, lan komponen semantik; lan (3) aspek kreatif basa utawa sipat dhinamisme basa (Parera, 2009:107).

b. Cara Kerjane Teori Transformasi Generatif

Cara kerjane teori transformasi generatif adhedhasar asumsi sing wis diandharake mau. Cara kerjane iku mesthi nduweni tata laku, yaiku panggolongane wujud, pangisine guna, lan pangertene kalungguhan sing bisa dinggoni saben wujud. Cara kerja kasebut adhedhasar aspek sing cacahé telu, yaiku wujud (kategori), guna (fungsi), lan kalungguhan (peran). Sabanjure katelu aspek kasebut dening Sudaryanto (1991) diarani triaspek

sintaktis. Mula ing ngisor iki diandharake ngenani triaspek sintaktis kanthi luwih jangkep.

Wujud adhedhasar andharane Sudaryanto (1991:65-70) iku ana loro sipat pokok, yaiku *formal* lan *sistematik*. Wujud diarani *formal* amarga mung mujudake aspek wujud. Wujud diarani *sistematik* amarga wujud tartamtu diweruhi sapisan ora ana sesambungan karo wujud tartamtu liyane, nanging ana sesambungan asosiatif antarane wujud sing lagi dadi konstituen sintaksis ukara tartamtu. Wujud lumrahe arupa tembung.

Sabanjure diandharake ngenani aspek guna. Guna nduweni sipat pokok cacahé telu, yaiku *formal*, kosong, lan *struktural* (Sudaryanto, 1991:66). Guna iku bisa ngisi jejer, wasesa, lesan, lan sapanunggalane. Guna-guna kasebut yaiku panggonan kosong (konstituen formal), ora nduweni wujud utawa makna, nanging kudu diisi dening wujud tartamtu yaiku wujud (kategori), kanthi makna tartamtu yaiku kalungguhan (peran) (Verhaar, 2008:165). Kridalaksana (2008:67) uga ngandharake guna yaiku beban makna sawijine satuwan basa, Sudaryanto (1991:126) ngandharake maneh yen jinise guna ing basa Jawa yaiku wasesa, jejer, lesan, katrangan, lan pangganep. Saka andharan kasebut bisa didudut yen tegese guna yaiku samubarang sing kosong lan ora nduweni makna tartamtu, mula kudu diisi wujud tartamtu, bisa minangka wasesa, jejer, lesan, katrangan, lan pangganep.

Aspek sing pungkasan yaiku kalungguhan. Sudaryanto (1991:67) ngandharake yen sipat poko ke kalungguhan yaiku *semantis* lan *struktural*. Verhaar (2008:167-168) uga ngandharake yen kalungguhan kalebu paraga, panandhang panampa, tanduk, tanggap, lan sapanunggalane. Dadi kalungguhan uga minangka imbangane lan pasangane wujud sing mujudake aspek “raga”. Mula bisa didudut yen kalungguhan iku samubarang sing bisa dinggoni wujud tembung kanthi maknawi. Kalungguhan adhedhasar konstituen sing ngenggoni kalungguhan kasebut bisa diperang dadi loro, yaiku konstituen utama lan konstituen panyengkuyung (Sudaryanto, 1991: 61-62 lan Wedhawati, 2006: 519). Konstituen utama yaiku konstituen sing ngenggoni kalungguhan ing wasesa. Konstituen utama bisa ngenggoni kalungguhan proses, kahanan, tanduk, tanggap, tanggap tarung, tanduk pakon, tanggap pakon, bali angga, lan bali angga tanduk (Sudaryanto, 1991: 139-150). Konstituen panyengkuyung yaiku konstituen sing ana orane ditamtokake wasesa sing diarani *argumen*. Saben panliti basa nduweni beda pamawas anggone ngandharake kalungguhan sing diduweni *argumen*. Adhedhasar andharane para panliti basa perangané jinis kalungguhan ana 15,

yaiku paraga, panandhang, panampa, kompanial, reseptif, paraga-panandhang, asil, faktor, papan, wektu, piranti, cara, tujuwan, asal, lan ukuran (Wedhawati, 2006: 519-524); Verhaar, 2008: 193-211; lan Tarigan, 1989: 66).

C. METODHE PANLITEN

Ing bab iki diandharake ngenani titikane panliten, ubarampene panliten, lan tata carane panliten. Kanthi luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

1. Titikane Panliten

Panliten iki kalebu jinis panliten dheskriptif. Titikane yaiku nggambarake *konstituen-konstituen* ujaran lan sesambungane ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi, lumrahe uga awujud wujud gramatikal utawa *variabel-variabel* (Kridalaksana, 2008:47). Panliten iki uga asipat *sinkronis* amarga nliti basa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008: 222). Iki salaras karo basa sing digunakake ing panliten iki, yaiku basa Jawa Ngoko ing tulisan sastra utawa dudu sastra jaman saiki.

2. Ubarampene Panliten

Ing panliten iki nggunakake ubarampe sing diperang dadi 4, yaiku dhata panliten, sumber dhata panliten, instrumen panliten, lan basa sing diteliti. Dhata sing digunakake ana loro, yaiku: (1) dhata utama lan (2) dhata panyengkuyung. Dhata utamane yaiku awujud teks tulis ukara-ukara sing nggunakake tembung arimbag bawa-ma lan dhata panyengkuyunge yaiku awujud teks tulis ukara-ukara sing nggunakake tembung arimbag bawa-ma saka anggitane panliti dhewe.

Panliti nggunakake metodhe kaya kang diandharake Labov (Kridalaksana, 1988: 23, sajrone Adipitoyo, 1990:10) yen panliten linguistik diwasa iki, para panliti ngolehake dhatane basa saka: *teks*, *elisitasi*, *intuisi*, *eksperimen*, lan *observasi*. Sajrone panliten iki ora nggunakake kanthi tumemen sumber dhata cacah lima kasebut, nanging luwih diutamakake tumrap sumber dhata sing awujud teks tinulis lan lisan. Sumber elitasi lan intuisi isih digunakake yen saka teks tinulis isih durung ditemokake dhata sing dikarepake. Bab kasebut kasengkuyung katrampilane panliti sing kagolong uga ‘panutur asli’ basa Jawa kang relatif kalatih basa Jawane.

Sumber dhata sing digunakake ing panliten iki ana loro, yaiku sumber dhata primer, kayata karya sastra lan karya sing dudu sastra kayata, buku lan kalawarti basa Jawa sing dhatane awujud teks tulis. Sumber dhata kapindho yaiku sumber dhata panyengkuyung, yaiku panliti dhewe minangka panutur asli.

Instrumen panliten digunakake kanggo ngumpulake dhata sing pinilih. Instrumen iki dipilih adhedhasar jinise dhata sing digunakake kanggo njlentrehake undere panliten. Amarga dhata sing digunakake ing panliten iki awujud ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma, mula asile ngumpulake dhata ditulis nggunakake instrumen panliten sing awujud piranti tulis kayata pena lan kertu dhata. Kertu dhata sing digunakake kanggo nyathet dhata iku bisa arupa HVS kanthi ukuran folio utawa A4 sing salaras karo satuwan basa sing bakal dicathet ing kertu dhata. Kertu dhata gunane kanggo nggampangake ngumpulake dhata lan nggolongake dhata adhedhasar konsep lan teori panliten.

Basa kang diteliti yaiku basa Jawa kang digunakake ing karya sastra lan karya sing dudu sastra. Dene basa Jawa kang dikarepake bisa katitik kanthi dhasar, yaiku ragam *funksional, sosial, regional, lan temporal*.

Adhedhasar ragam *funksional*, basa Jawa kang diteliti yaiku basa Jawa standar, yaiku basa Jawa sing digunakake kanthi lumrah dening para panulis karya sastra lan karya sing dudu sastra.

Adhedhasar ragam *sosial*, basa Jawa kang diteliti yaiku basa Jawa Ngoko sing lumrah digunakake panulis karya sastra lan karya dudu sastra. Iki adhedhasar rimbag bawa-ma sing kerep ditemokake ing ragam basa Jawa Ngoko.

Adhedhasar ragam *regional*, basa Jawa sing diteliti yaiku basa Jawa sing digunakake masyarakat (panulis) ing tlatah Jawa Tengah lan Jawa Timur. Mligine dudu basa Jawa sing awujud dhialek.

Basa Jawa kang diteliti adhedhasar ragam *temporal* utawa wektune yaiku basa Jawa ing jaman saiki. Andharan iki nyambung karo sipate panliten. Panliten iki nduweni sipat *sinkronis*, yaiku nliti basa ing jaman saiki.

3. Tata Carane Panliten

Panliten iki nggunakake tata cara panliten, yaiku: tata carane ngumpulake dhata, tata carane njlentrehake dhata, lan tata carane nyuguhake asil jlentrehane dhata. Saben tatacara kasebut diandharake luwih jangkep ing ngisor iki.

Tata cara kanggo ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku nggunakake metodhe nyemak. Metodhe nyemak yaiku cara sing digunakake kanggo ngumpulake dhata kanthi nyemak pangenggone basa kanthi lisan, nanging uga pangenggone basa kanthi tulis (Mahsun, 2006: 90). Metodhe nyemak ing kene ditindakake kanthi teknik cathet. Teknik cathet yaiku teknik kanggo njupuk dhata sing ditindakake kanthi nulis asile nyemak. (Kesuma, 2007:43).

Dhata sing wis dikumpulake banjur dijlentrehake nggunakake metodhe *agih* utawa diarani uga metodhe dhistibusional. Metodhe *agih* yaiku metodhe analisis sing piranti panamtune ana lan mujudake perangan basa sing diteliti (Sudaryanto, 1993:15). Metodhe agih dicakake kanthi nggunakake teknik, yaiku: *teknik lesap, teknik ganti, teknik perluas, teknik sisip, teknik balik, teknik ubah wujud, teknik ulang, teknik baca markah, teknik pemerkuat, teknik pemorakan, lan teknik pengontrasan* (Kesuma, 2007:55). Teknik sing digunakake ing panliten iki mung saperangan wae. Teknik sing digunakake yaiku: teknik ngilangi (lesap), teknik nambahi (sisip), teknik ngambakake (perluasan), teknik ganti, lan teknik ngowahi (ubah wujud).

Sakabehe dhata kang wis dijlentrehake sajrone panliten iki yaiku arupa ukara-ukara sing nggunakake tembung arimbag bawa-ma. Banjur ukara-ukara kasebut dijlentrehake jinise guna lan kalungguhane sing bisa diisi wujud rimbag bawa-ma. Tata cara nyuguhake asile njlentrehake dhata iki nuduhake upaya mujudake laporan ngenani apa wae sing diasilake sajrone panliten. Tata cara nyuguhake asile njlentrehane dhata yaiku kanthi cara informal. Sudaryanto (1993:145) ngandharake yen cara informal yaiku menehake analisis dhata kanthi nggunakake tembung-tembung sing lumrah.

D. ANDHARAN LAN JLENTREHANE PANLITEN

Bab iki ngemot asile panliten adhedhasar undere panliten sing wis diandharake sadurunge. Bab iki kaperang dadi loro, yaiku (1) andharan lan jlentrehane panliten lan (2) dhiskusi asile panliten. Luwih jangkepe bisa diwaca ing ngisor iki.

1. Andharane lan Jlentrehane Panliten

Andharan lan jlentrehane panliten iki diperang dadi telu adhedhasar triaspek sintaktise rimbag bawa-ma, yaiku wujud, guna, lan kalungguhane rimbag bawa-ma. Andharan wujud rimbag bawa-ma kanthi luwih jangkep bisa dideleng ing ngisor iki.

a. Wujud Rimbag Bawa-ma

Wujud rimbag bawa-ma diperang adhedhasar wujud tembung linggane ana loro, yaiku tembung lingga lan tembung andhahan. Wujud rimbag bawa-ma sing linggane tembung lingga bisa diperang maneh adhedhasar pamerange jinis tembung ing paramasastra modheren. Pamerange jinis tembung kasebut kasil merang jinis tembung linggane imbag bawa-ma ana lima, yaiku bakale tembung (sabanjure BT), tembung aran (sabanjure TA), tembung kriya (sabanjure TK), tembung kahanan (sabanjure TKh), lan tembung

panggawe (sabanjure TPg). Mligi kanggo TPg, ing panliten iki bisa diperang maneh adhedhasar wujud, yaiku tembung katrangan (TKt) lan tembung ancer-ancer (TAc). Saben jinis tembung lingga kasebut banjur diuwuwi {-um-} lan {ma-}.

Wujud rimbag bawa-ma adhedhasar jinis lingga bisa kaperang dadi 16 wujud, yaiku (1) {{BTSw} + {-um-}} → {TK}, tuladhane: *mentas*; (2) {{{TA} + {sing} + {{BTSw} + {-um-}}}} → {GA}, tuladhane: *banyu sing mili*; (3) {{BTSg} + {-um-}} → {TK}, tuladhane: *tumoleh*; (4) {{{TA} + {sing} + {{BTSg} + {-um-}}}} → {GA}, tuladhane: *sarana sing cumepak*; (5) {{BTlr} + {-um-}} → {TK}, tuladhane: *mlumah*; (6) {{TA} + {-um-}} → {TK}, tuladhane: *jumangkah*; (7) {{TA} + {sing} + {{TA} + {-um-}}}} → {GA}, tuladhane: *klapa sing kumarut*; (8) {{TK} + {-um-}} → {TK}, tuladhane: *tumiba*; (9) {{TK} + {-um-}} + {ing} + {TA} → {GK}, tuladhane: *tumeka ing reuni*; (10) {{TKh} + {-um-}} → {TK}, tuladhane: *gumagah*; (11) {{TKt} + {-um-}} → {TK}, tuladhane: *dumadag*; (12) {{{TAc} + {-um-}} + {TA}} → {GK}, tuladhane: *lumantar surat*; (13) {{tembung mawa -e} + {-um-}} → {TA}, tuladhane: *kumintere*; (14) {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {TA} → {GA}, tuladhane: *lumumpate Anoman*; (15) {{{tembung mawa -a} + {-um-}} → {TK}, tuladhane: *mlakua* lan (16) {{tembung rangkep} + {-um-}} → {TK}, tuladhane: *turun-tumurun*.

b. Jinis Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma

Bab sadurunge wis ngemot jlentrehan ngenani wujud rimbag bawa-ma. Banjur ing sub bab iki dijangkepi jlentrehane ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma. Kanggo njlentrehake guna lan kalungguhan tetep nggunakake wujud rimbag bawa-ma sing jinise ana 17. Saben jinis wujud rimbag bawa-ma kasebut dijlentrehake apa wae jinis guna sing bisa diisi, kayata wasesa (sabanjure W), jejer (sabanjure J), lesan (sabanjure L), pangganep (sabanjure P), lan katrangan (sabanjure K). Dijlentrehake uga lan apa wae jinis kalungguhan sing bisa dinggoni rimbag bawa-ma. Rimbag bawa-ma minangka konstituen utama, dijlentrehake yen bisa ngenggoni kalungguhan, kayata proses (sabanjure Pro), kahanan (sabanjure Kh), tanduk (sabanjure Td), tanggap (sabanjure Tg), tanggap tarung, tanduk pakon, tanggap pakon, bali angga, lan bali angga tanduk. Rimbag bawa-ma minangka konstituen panyengkuyung, dijlentrehake yen bisa ngenggoni kalungguhan, kayata paraga (sabanjure Pr), panandhang (sabanjure Pnd), panampa (sabanjure Pnp), kompanial (sabanjure Kom), reseptif (sabanjure R), paraga-panandhang (sabanjure Pr-Pnd), asil (sabanjure A), faktor (sabanjure F), papan (sabanjure Pp), wektu (sabanjure Wkt), piranti

(sabanjure Prt), cara (sabanjure C), tujuwan (sabanjure T), asal (sabanjure As), lan ukuran (sabanjure U). Anggone njlentrehake ora diwatesi wujud pola ukarane. Andharane sing luwih jangkep ana ngisor iki.

1) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{bakale tembung apurwa aksara swara} + {-um-}}

Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma awujud {{BTSw} + {-um-}} sing kalebu {TK} ana ngisor iki.

- (1) Aku mulih menyang Negara Sakura.

(LSM:20)

J	W	P
Pr	Kh	T

- (2) Menggok iku sing ati-ati. (LSM:320)

J	W
Pnd	Kh

Jlentrehan guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing awujud {{BTSw} + {-um-}} ing ndhuwur bisa menehake dudutan yen wujud rimbag bawa-ma {{BTSw} + {-um-}} bisa ngisi guna lan kalungguhan yaiku W-Kh lan J-Pnd. Anggone ngisi guna W uga ana sing nuntut anane konstituen liya yaiku P. Dene guna J iku bisa ngenggoni kalungguhan Pnd yen W-ne kalebu jinis tembung kriya kahanan.

2) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{tembung aran} + {sing} + {{bakale tembung apurwa aksara swara} + {-um-}}}

Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma sing awujud {{TA} + {sing} + {{ BTSw} + {-um-}}}} sing kalebu {GA} ana ngisor iki.

- (3) Manuk sing mabur wis dibedhil Yono. (Int: 3)

J	W	L
Pnd	Tg	Pr

Rimbag bawa-ma bisa ngisi guna J lan ngenggoni kalungguhan Pnd yen W-ne awujud kriya tanggap lan rimbag bawa-mane awujud {GA}. Adhedhasar jlentrehan iki bisa didudut yen guna lan kalungguhan rimbag bawa-ma sing wujud {{TA} + {sing} + {{ BTSw} + {-um-}}}} yaiku J-Pnd.

3) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{bakale tembung apurwa aksara sigeg} + {-um-}}

Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma sing awujud {{BTSg} + {-um-}} ana ngisor iki.

- (4) Budi tiba gumlundhung. (JB No. 13 Nop 2012:28)

J	W	K
Pnd	Kh	C

- (5) Esemu nggawe dhadha iki tumlawung. (PS no. 23 Jun 2013:50)

J	W	L	P
Pnd	Td	T	A

- (6) Ing omah kemrubut tangga teparone. (PS no. 23 Jun 2013:42)

K	W	J
Pp	Kh	Pnd

Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{BTSg} + {-um-}} pancen bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan W-Kh yen J-ne ngenggoni kaungguhan Pnd, bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan K-C yen W-ne awujud kriya kahanan, lan bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan P-A yen W-nw awujud kriya tanduk mawa lesan lan J maujud ora urip.

4) Guna lan Kalungguhanne Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{tembung aran} + {sing} + {{bakale tembung apurwa aksara sigeg} + {-um-}}}

Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma sing wujud {{ TA} + {sing} + {BTsg} + {-um-}} ana ngisor iki.

- (7) Bocah-bocah sing gumrudug diceluk Pak Guru. (Int: 7)

J	W	L
Pnd	Tg	Pr

- (8) Mbah Dono nggoleki sedulure sing sumingkir. (Int: 8)

J	W	L
Pr	Td	T

- (9) Dhayohe diwenahi jagung sing gumakar. (Int: 9)

J	W	P
Pnd	Tg	Prt

Adhedhasar kabeh jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{ TA} + {sing} + {{BTsg} + {-um-}}} bisa didudut yen guna lan kalungguhane yaiku J-Pnd yen W-ne awujud kriya tanggap, bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan L-T yen awujud {GA} sing W-ne tembung kriya mawa lesan, lan bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan P-Prt yen awujud {GA} Sing W-ne tanggap.

5) Guna lan Kalungguhanne Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{bakale tembung apurwa aksara /l/ utawa /r/} + {-um-}}

Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma awujud {{BTLr} + {-um-}} ana ngisor iki.

- (10) Prangkone mraket ing amplop. (Int: 10)

J	W	K
Pnd	Kh	Pp

- (11) Mlebu menahi salam. (Int: 11)

J	W	P
Pnd	Td	Prt

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma awujud {{BTLr} + {-um-}}, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{BTLr} + {-um-}} pancen bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan W-Kh yen J maujud ora urip lan bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan J-Pnd yen W-ne awujud kriya tanduk tanpa lesan.

6) Guna lan Kalungguhanne Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{tembung aran} + {-um-}}

Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma awujud {{TA} + {-um-}} ana ngisor iki.

- (12) Bocah iku diarani kumenthus. (Int: 12)

J	W	P
Pr	Tg	T

- (13) Rombongan iku tumapak ing tlatah anyar. (PS no. 23 Jun 2013:21)

J	W	K
Pnd	Kh	Pp

- (14) Darnini ora bisa cumuwit. (LSM:348)

J	W	K
Pnd	Kh	C

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{TA} + {-um-}} ing ndhuwur, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{TA} + {-um-}} guna lan kalungguhane yaiku W-Kh, P-T, lan K-C.

7) Guna lan Kalungguhanne Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{tembung aran} + {sing} + {{tembung aran} + {-um-}}}

Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma awujud {{TA} + {sing} + {{TA} + {-um-}}} ana ngisor iki.

- (15) Swara sing gumledheg medeni bocah. (Int: 15)

J	W	L
Pnd	Td	T

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{TA} + {sing} + {{TA} + {-um-}}} ing ndhuwur, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{TA} + {sing} + {{TA} + {-um-}}} guna lan kalungguhane yaiku J-Pnd.

8) Guna lan Kalungguhanne Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{tembung kriya} + {-um-}}

Sabanjure dijlentrehake guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{TKr} + {-um-}}. Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma sing wujud {{TKr} + {-um-}} ing ngisor iki.

- (16) Yeni tumeka ing sunatane adhikku. (Int: 16)

J	W	K
Pnd	Kh	Pp

(17) **Tumindak** iku sing becik. (Int: 17)

J	W
Pnd	Kh

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma awujud {{TKr} + {-um-}}, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{TKr} + {-um-}} pancen bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan W-Kh lan J-Pnd.

9) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{{tembung kriya} + {-um-}} + {ing} + {tembung aran}}

Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma awujud {{{TK} + {-um-}} + {ing} + {TA}} ana ngisor iki.

(18) **Tumeka ing slametan ngraketake paseduluran.** (Int: 18)

J	W	P
F	Pro	A

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma awujud {{{TK} + {-um-}} + {ing} + {TA}}, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{{TK} + {-um-}} + {ing} + {TA}} pancen bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan J-F.

10) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{{tembung kahanan} + {-um-}}

Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma awujud {{TKh} + {-um-}} ana ngisor iki.

(19) **Pak Eko iku kuminter marang andhahane.** (Int: 19)

J	W	P
Pnd	Kh	T

(20) **Gumedhe iku disiriki.** (Int: 20)

J	W
Pnd	Kh

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma awujud {{TKh} + {-um-}}, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{TKh} + {-um-}} pancen bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan W-Kh lan J-Pnd.

11) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{{tembung katrangan} + {-um-}}

Sabanjure dijentrehake guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{TKt} + {-um-}}. Ukara sing nggunakake wujud rimbag bawa-ma iki ana ngisor kene.

(21) **Bocahe lara tumemen.** (Int: 21)

J	W	K
Pr	Kh	C

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{TKt} + {-um-}} ing ndhuwur, wis kabukti lan bisa

didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{TKt} + {-um-}} bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan K-C.

12) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{{tembung ancer-ancer} + {-um-}} + {tembung aran}}

Jlentrehan sabanjure ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{TAc} + {-um-}} + {TA}}. Dhatane ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma awujud {{TAc} + {-um-}} + {TA}} ana ngisor iki.

(22) **Ibu ngirimake surat lumantar kancane.** (JB no.17 Des 2012:36)

J	W	L	K
Pr	Td	T	C

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{TAc} + {-um-}} + {TA}}ing ndhuwur, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{TAc} + {-um-}} + {TA}} bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan yaiku K-C.

13) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{{tembung mawa -e} + {-um-}}

Sabanjure dijentrehake ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{{tembung mawa -e} + {-um-}}. Ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma iki ana ngisor kene.

(23) **Gumagahe nuduhake watak asline.** (PS no.26 Juni 2013:33)

J	W	L
Pnd	Kh	A

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma awujud {{{tembung mawa -e} + {-um-}}, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{{tembung mawa -e} + {-um-}} pancen bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan J-Pnd.

14) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {tembung aran}}

Sabanjure dijentrehake ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {TA}}. Ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma jinis iki ana ngisor iki.

(24) **Mrambate suket wis nutupi lemah.** (Int: 24)

J	W	L
Pnd	Td	T

(25) **Sunari ngadohi gumlegere lesus.** (Int: 25)

J	W	L
Pnd	Td	T

(26) **Dheweke kelingan matine pitike.** (Int: 26)

J	W	P
Pnd	Tg	T

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma awujud {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {TA}}, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {TA}} pancen bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan J-Pnd, L-T, lan P-T.

15) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{{tembung mawa a-} + {-um-}}}

Sabanjure dijentrehake rimbag bawa-ma sing wujud {{{tembung mawa a-} + {-um-}}}. Dhata ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma jinis iki bisa diwaca ing ngisor iki.

(27) Manuta marang wong tuwamu! (Int:27)

W	P
Kh	T

Adhedhasar jlentrehan ngenani guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma awujud {{{tembung mawa a-} + {-um-}}}, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{{tembung mawa a-} + {-um-}} pancen bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan W-Kh.

16) Guna lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma sing Wujud {{{tembung rangkep} + {-um-}}}

Sabanjure dijentrehake dijentrehake guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{{tembung rangkep} + {-um-}}}. Ukara sing nggunakake rimbag bawa-ma {{{tembung rangkep} + {-um-}} ana ngisor iki.

(28) Singkir-sumingkir karo kancane iku ora apik. (Int: 28)

J	K	W
Pnd	C	Kh

(29) Jamure rambat-rumambat. (Int: 29)

J	W
Pnd	Kh

(30) Manuk kutut ngoceh saut-sumaut. (Int: 30)

J	W	K
Pr	Td	C

Adhedhasar jlentrehan guna lan kalungguhane rimbag bawa-ma sing wujud {{{tembung rangkep} + {-um-}}}, wis kabukti lan bisa didudut yen rimbag bawa-ma sing wujud {{{tembung rangkep} + {-um-}} bisa ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan W-Kh, J-Pnd, lan K-C.

2. Dhiskusi Asile Panliten

Adhedhasar jlentrehan asile panliten, konsepe ngenani rimbag bawa-ma sing salaras karo andharane para panliti basa sadurunge, antarane yaiku tegese rimbag bawa-ma. Tegese rimbag bawa-ma yaiku wewangunane utawa pandhapuke tembung sing diowahi kanthi cara nyeselake {-um-}

lan {ma-}. Jlentrehan iki salaras karo andharane Poerwadarminta (1937:530) lan Antunsuhono (1953:23). Dene wuwuhane rimbag bawa-ma iku ana loro yaiku {-um-} lan {ma-}. Jlentrehan iki salaras karo andharane Ras (1985:58) sing ngandharake yen {ma-} iku uga bisa dadi wuwuhane rimbag bawa-ma. Panliti uga njangkepi andharane, yen {ma-} iku bisa diwuwuhake ing {BTlr}. Wuwuhane rimbag bawa-ma pancen nduweni sipat mligi yen diwuwuhake ing {BTsw} lan {BTlr} amarga anane *fitur-fitur* fonem sing diduweni aksara swara lan aksara /l/ utawa /r/ sing nyebabake anane *metathesis*. Anane *metathesis* njalari wuwuhane rimbag bawa-ma kasebut sing sejatine {-um-}, owah dadi {um-} yen diseselake ing {BTsw} lan sing sejatine {-um-}, owah dadi {ma-} yen diseselake ing {BTlr} (Poedjosoedarmo, 1979: 208-209 lan Adipitoyo, 2011: 56-58). Wujud rimbag bawa-ma minangka tembung iku mujudake tembung kriya sing mratelakake kahanane jejer. Jlentrehan iki salaras karo andharane Hadiwidjana (1967:21) lan Suwadij lkk. (1986:54). Asil jlentrehan iki kabeh ngenani wujud rimbag bawa-ma sing asile salaras karo andharane panliti basa sadurunge.

Wujud rimbag bawa-ma adhedhasar jinis tembung linggane, bisa diperang dadi 16, yaiku (1) {{BTsw} + {-um-}}, (2) {{{TA} + {sing} + {{BTsw} + {-um-}}}, (3) {{BTSg} + {-um-}}, (4) {{{TA} + {sing} + {{BTSg} + {-um-}}}, (5) {{BTlr} + {-um-}}, (6) {{TA} + {-um-}}, (7) {{TA} + {sing} + {{TA} + {-um-}}}, (8) {{TK} + {-um-}}, (9) {{TK} + {-um-}} + {ing} + {TA}}, (10) {{TKh} + {-um-}}, (11) {{TKt} + {-um-}}, (12) {{{TAc} + {-um-}} + {TA}}, (13) {{{tembung mawa -e} + {-um-}}, (14) {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {TA}}, (15) {{{tembung mawa -a} + {-um-}}, lan (16) {{{tembung rangkep} + {-um-}}.

Saben wujud iku nduweni guna lan kalungguhan sing beda. Kanthi ringkes saben wujud bisa dijentrehake ngisi guna lan ngenggoni kalungguhan ana 8, yaiku: (1) W-Kh, diisi lan dinggoni wujud {{BTsw} + {-um-}}, {{BTSg} + {-um-}}, {{BTlr} + {-um-}}, {{TA} + {-um-}}, {{TK} + {-um-}}, {{TKh} + {-um-}}, {{{tembung mawa -a} + {-um-}}, lan {{{tembung rangkep} + {-um-}}; (2) J-Pnd, diisi lan dinggoni wujud {{BTsw} + {-um-}}, {{{TA} + {sing} + {{BTsw} + {-um-}}}, {{{TA} + {sing} + {{BTSg} + {-um-}}}, {{BTlr} + {-um-}}, {{TA} + {sing} + {{TA} + {-um-}}}, {{TK} + {-um-}}, {{TKh} + {-um-}}, {{{tembung mawa -e} + {-um-}}, {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {TA}}, lan {{{tembung rangkep} + {-um-}}; (3) J-F, diisi lan dinggoni wujud {{TK} + {-um-}} + {ing} + {TA}}; (4) P-A, diisi lan dinggoni wujud {{BTSg} + {-um-}}; (5) P-Prt, diisi lan dinggoni wujud {{{TA} + {sing} + {{BTSg} + {-um-}}}; (6) P-T, diisi lan dinggoni wujud {{TA} + {-um-}} lan {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {TA}}; (7) L-T, diisi lan

dinggoni wujud {{TA} + {sing} + {{BTSg} + {-um-}}} lan {{{tembung mawa -e} + {-um-}} + {TA}; lan (8) K-C, diisi lan dinggoni wujud {{BTSg} + {-um-}}, {{TA} + {-um-}}, {{TKt} + {-um-}}, {{{TAc} + {-um-}} + {TA}}, lan {{tembung rangkep} + {-um-}}.

E. PANUTUP

Asile panliten iki isih akeh lupute, mula panliti ngarepake anane panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa kasil luwih apik. Saliyane iku panliti uga menehake pamrayoga kanggo panliten ngenani rimbag ing basa Jawa, mligine ngenani basa rimbag bawa-ma, yaiku: (1) isih akeh topik panliten ngenani rimbag bawa-ma sing durung diteliti, mligine kanggo para mahasiswa basa Jawa diajab bisa luwih sregep nindakake panliten ngenani rimbag bawa-ma, lan (2) panliten ngenani rimbag bawa-ma sing wis ana, mesthine nduweni luput lan kurang. Mula diajab ana panliten sing bisa menehi koreksi tumrap asile panliten iki.

KAPUSTAKAN

Adipitoyo, Sugeng. 1990. "Morfem /dak-/ , /ko-/ , /di-/ dalam Tinjauan Morfosintaksis". (Skripsi). Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, IKIP Surabaya

----- . 2000. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa Dialek Surabaya*. Surabaya: Lembaga Penelitian Universitas Negeri Surabaya

----- . 2011. *Morfonemik Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana

Antunsohono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawi*. Yogyakarta: Soejadi

Arifin, Syamsul, Ikk. 1987. *Tipe Kalimat Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

----- . 1990. *Tipe-tipe Klausa Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Cahyono, Bambang Yudi. 1995. *Kristal-Kristal Ilmu Bahasa*. Surabaya: Airlangga University Press

Hadiwidjana. 1967. *Tata-Sastra*. Yogyakarta: Universitas Gajah Mada

Kementrian Pengajaran, Pendidikan, dan Kebudayaan. 1946. *Karti Basa*. Jakarta

Kesuma, Tri Mastoyo Jati. 2007. *Pengantar (Metode) Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Carasvatibooks

Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik, Edisi Empat*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama

----- . 2005. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia, Edisi ke Dua*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

Lauder, Multamia RMT, Ikk. 2005. *Pesona Bahasa: Langkah Awal Memahami Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama

Mahsun. 2006. *Metode Penelitian Bahasa, Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada

Murdijanto. 1995. *Morfologi Bahasa Jawa*. Surabaya: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan IKIP Surabaya: University Press IKIP Surabaya

Padmasusastra. 1883. *Paramabasa*. Surakarta

Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti

Parera, J.D. 2009. *Dasar-Dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: Erlangga

Poedjosoedarmo, Soepomo Ikk. 1979. *Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*. Tokyo: J.B. Wolters

----- . 1953. *Sarining Paramasastra Djawi*. Jakarta: Noordhoff-Kolff N.V.

Prawiroatmojo, S. 1981a. *Bausastra Jawa-Indonesia Jilid I*. Surabaya: PT. Gunung Agung

----- . 1981b. *Bausastra Jawa-Indonesia Jilid II*. Surabaya: PT. Gunung Agung

Puji Ismarini, Dyah. 2003. "Konstruksi Rimbag Kriya Wancaka dan Karana Wacaka Bahasa Jawa". (Skripsi). Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, IKIP Surabaya

Putrayasa, Ida Bagus. 2007. *Analisis Kalimat (Fungsi, Kategori, dan Peran)*. Bandung: Refika Aditama

Ras, J.J. 1985. *Inleiding Tot Het Modern Javaans Tweede Druk*. Dordrecht: Koninklijk Instituut Voor Taal-, Land-en Volkenkunde

Roorda, Tacco. 1855. *Javaansche Grammatica*. Amsterdam: Bij Johannes Muller

Sasangka, Sry Satya Wisnu. 2008. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua

Sastrasoepadma, S. 1958. *Paramasastra Djawi*. Yogyakarta: Soejadi

Subroto, D. Edi. Ikk. 1994. *Konstruksi Verba Aktif-Pasif dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Suciati, Erna. 2002. "Model Rimbag Sanata Dalam Bahasa Jawa". (Skripsi). Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, IKIP Surabaya

- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- , 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa- Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sumarlam. 2004. *Aspektualitas Bahasa Jawa Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta: Pustaka Cakra Surakarta
- Suwadji, Ikk. 1986. *Morfosintaksis Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran Morfologi*. Bandung: Angkasa
- , 1989. *Pengajaran Tata Bahasa Kasus Suatu Penelitian Kepustakaan*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan
- Uhlenbeck, E.M. 1982. *Kajian Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Djambatan
- Verhaar, J.W.M. 2008. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Wedhawati, Ikk. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Jakarta.
- Wulandari, Anjar. 2002. "Model Rimbag Sambawa Bahasa Jawa". (*Skripsi*). Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, IKIP Surabaya
- Purnomo, Al Aris. "Sang Anoman". JB No. 09 Oktober 2012
- , "Umbul Sungsang". JB No. 08 Oktober 2012
- Sahputri, E. J. "Jero Dhasaring Samodra". JB No. 09 Oktober 2012
- Siswanto, Oekusi Arifin. "Ora Ana Papan kanggo Ndhelik". JB No. 06 Oktober 2012
- Wibowo, Kukuh S. "Getih Sri Panggung". PS No. 26 Juni 2013
- Wirawan, Puji. "Eluhmu neng Tlaga Sarangan". JB No. 16 Desember 2012
- , "Wuyung Tanpa Tembang". JB No. 18 Desember 2012
- WS, Suryadi. "Sambung Lelakon". PS Np. 25 Juni 2013
- Yasman, AS. "Ngomprenng". PS No. 24 Juni 2013
- Yasmin, H.M. "Melu Wedi". JB No. 06 Oktober 2012
- Yulia, Afin. "Ning Sri". JB No. 11 Nopember 2012
- Widya, Ariesta. "Katresnan ing Gunung Kemukus". PS No. 23 Juni 2013
- Sumber Dhata Utama:
- Asmoro, Sumono Sandy. "Dhuwit Anyar". JB No. 14 Desember 2012
- Brata, Suparto. 2005. *Lelakone Si lan Man* (Antologi Cerkak). Yogyakarta: Narasi
- Brintik, Mbah. "Nalika Simbok Metri Aku". PS No. 26 Juni 2013
- Broto, Anjrah Lelono. "Randha Teles Kampung Mblarak". JB No. 17 Desember 2012
- Budi, Yohanes. "Endah...Endah!!!". JB No. 13 Nopember 2012
- Dayak, Budiono. "Ketiga Garing". JB No. 15 Desember 2012
- Jaladra, Ki. "Sadewa Mothah". JB No. 09 Oktober 2012
- Koen, Aulia. "Ing Sawijining Dina". JB No. 16 Desember 2012
- Met, Mbah. "Kembang Mari Kangen". JB No. 11 Nopember 2012
- Pambayun, Candra Dyah. "Kopi Dahsyat". JB No. 17 Desember 2012



UNESA

Universitas Negeri Surabaya